



Pou Piblikasyon Imedya: 14/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TWA ZÒN OPÒTINITE FRICH ENDISTRIYÈL NAN STATEN ISLAND, FLUSHING AK AUBURN

*Nouvèl Dezinyasyon yo Pral Fè Kantite Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl nan Eta New York la yo rive 47 Ototal*

*Pwogram Estrateji Ekonomik lan Ap Ede Revitalize Zòn yo epi Ankouraje Devlopman Atravè Eta a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a dezinyasyon twa Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl (Brownfield Opportunity Areas, BOA) nan kominote atravè Eta New York yo, ki ap bay lokalite yo zouti pou ka akselere efò revitalizasyon yo, epi transfòme espas ki te polye depi lontan yo pou vin tounen faktè devlopman ekonomik yo, ki gen ladan lojman ak biznis yo. Yo te seleksyone pwojè yo ki nan Staten Island, Flushing ak Auburn, ki ap mete kantite BOA total yo atravè Eta a rive 47.

“Kominote yo atravè eta a ap revitalize espas frich endistriyèl ki vid yo epi dezinyasyon sa yo ap bay resous pou fè gwo vizyon yo vin yon reyalyte”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwogram Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl lan ap bay dirijan lokal yo mwayen pou ka pote chanjman ki nesèsè anpil nan pwopriyete yo ki te neglije nan kominote yo, epi nou espere wè pwogrè ak devlopman pandan ke n’ap transfòme kominote yo atravè New York.”

Kominote yo te resevwa sibvansyon pou planifikasyon atravè pwogram Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl eta a pou ka prezante yon estrateji revitalizasyon global pou ka pwomouvwa redevlopman ki efikas ak kalite anviwònman ki ranfòse nan chak zòn. Depatman Eta New York lan (New York Department of State), ki ap administre pwogram lan, te detèmine ke pwojè sa yo ranpli kondisyon ak kritè ki nesèsè yo pou dezinyasyon an.

**Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan New York, te deklare,** “Chak jou, Depatman Eta a ap sipòte travay ke dirijan lokal yo te fè atravè New York. Dezinyasyon pwojè sa yo kòm Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl yo souliye angajman pèmanan nou te pran nan revitalize lokalite yo. Nouvèl dezinyasyon sa yo pral ede kominote yo atire investisman piblik ak prive pou ka ranvèse degradasyon ki te koze pa espas frich endistriyèl ki pa itilize anpil yo ak sa ki vid yo, pote nouvèl opòtinite

devlopman lojman ak devlopman komèsyal, epi kreye yon pi bon kalite lavi nan zòn nan”.

**Komisè DEC Basil Seggos te di,** “Chak ane, pwogram Netwayaj ak Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl New York yo ap retounen mete plizyè douzèn pwopriyete ki pa itilize ase nan itilizasyon ki pwodiktif pandan ke y’ap retabli epi retounen mete enèji nan kominote ki degrade anvan yo atravè eta a. Netwayaj ak retablisman pwopriyete espas frich endistriyèl yo enpòtan anpil pou sovgade sante piblik lan, pwoteje anviwònman an, epi devlope atou kominotè yo ki gen potansyèl pou bay ekonomi lokal yo bourad epi amelyore kalite lavi a”.

Twa Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl ki deziye ke yo te anonse jodi a yo se:

**Staten Island:** Staten Island Economic Development Corporation te konplete yon nominasyon Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl pou yon zòn ki mezire 72 ekta ki karakterize pa senk espas opòtinite frich endistriyèl potansyèl ki sitiye nan West Shore nan Staten Island. Objektif revitalizasyon yo gen ladan yo:

- Evalye espas estratejik yo pou detèmine pi bon reyitilizasyon yo;
- Ankouraje investisman piblik ak prive ki ap abouti a redevlopman komèsyal, endistriyèl, ak maritim ak kwasans travay;
- Pwomouvwa endistri ak batiman ekoljik yo; epi
- Amelyore jesyon dlo tanpèt yo ak kalite anviwònmantal.

Yon Pwogram Sibvansyon Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl 360,000 dola te finanse planifikasyon aktivite pou zòn lan.

**Senatè Andrew J. Lanza te di,** “Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo poutèt pwogram Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl lan ki pral ede Staten Island pwospere pou jenerasyon ki gen pou vini yo. Nan dedike resous pou ka efektivman planifye pou reparasyon ak redevlopman fiti, nou ap entwodwi yon nouvel epòk dirab pou tout zile a”.

**Manm Asanble Michael Cusick te di,** “Dezinyasyon Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl lan ap bay Staten Island yon bourad ki nesèsè pou pote kwasans ak devlopman ki renouvle. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo poutèt li fè dezinyasyon an epi poutèt li rekonèt potansyèl nan West Shore nan Staten Island”.

**Flushing:** Flushing Willets Point Corona LDC te konplete yon nominasyon Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl pou yon zòn ansyen pwopriyete endistriyèl ki mezire 25 ekta ki ant anba lavil Flushing ak rivaj lan ki gen 32 espas frich endistriyèl potansyèl. Redevlopman zòn nan pral akomode yon popilasyon ki ap devlope rapidman epi relye anba lavil aktyèl lan ak vilaj lan. Rekòmandasyon kle yo gen ladan yo mezi ki pral vin tounen katalizè pou redevlopman zòn lan, ki gen pami yo:

- Yon estrateji pou itilize tèren an ki gen ladan kreyasyon Distrik Rivaj Flushing Espesyal lan (Special Flushing Waterfront District) pou pèmèt yon nouvel ekstansyon dinamik ki byen planifye pou Anba Lavil Flushing pou redevlopman miltifonksyon yo ak lojman ki a pri abòdab.
- Nouvo aksè a espas lib ak rivaj lan;

- Amelyorasyon nan sikilasyon pyeton ak mouvman veyikil yo; ak
- Amelyorasyon alontèm kalite dlo yo nan Flushing Creek.

Yon Pwogram Sibvansyon Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl 1,505,700 dola te finanse planifikasyon aktivite pou zòn lan.

**Senatè Toby Ann Stavisky te deklare,** “Dezinyasyon pwojè Gouvènè Cuomo te fè nan ak alantou Flushing kòm Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl sa pwouve ke li rekonèt nesosite pou repare espas lan pou amelyorasyon fiti yo nan pwopriyete sa yo. Nou rekonesan poutèt devlopman sa epi nou espere wè amelyorasyon yo ki ap rive nan kominote nou an”.

**Manm Asanble a Ron Kim te deklare,** “Zòn Willets Point ak Corona nan Flushing yo pare pou revitalizasyon, epi dezinyasyon zòn lan ke Gouvènè Cuomo te fè kòm yon Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl se yon pa annavan pozitif an plis pou kominote nou an. Nou rekonesan pou dezinyasyon sa, ki pral finalman kreye travay ak lojman pou moun New York yo ki nan zòn yo ki te degrade epi neglije”.

**Vil Auburn:** Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl ki mezire 232 ekta sa anglobe toulède bò Rivyè Owasco a ak laplipa anba lavil Vil lan, ki antoure pa yon melanj vwazinaj rezidansyèl yo, pwopriyete komèsyal, minisipal, rekreyatif ak endistriyèl yo. Entèseksyon majè yo, ki gen ladan Route 5, Route 20, ak E. Genesee Street, fè entèseksyon nan zòn nò anba lavil lan. Zòn nan gen ladan batiman ak espas kle tankou Etablisman Koreksyonèl Auburn lan (Auburn Correctional Facility) ak espas Bombardier an, epi li karakterize pa plis pase 13 espas frich endistriyèl ki totalize 24 ekta, menm jan ak divès lòt espas ki vid ak/oswa ke yo pa itilize anpil. Objektif revitalizasyon kominotè prensipal yo gen ladan:

- Devlope epi reyalize yon plan ki santre sou mache a epi ki fezab sou plan ekonomik pou redevlopman rivaj ak anba lavil lan
- Ankouraje netwayaj ak retou espas frich endistriyèl, ki vid epi ke yo pa itilize anpil yo pou izaj ekonomik ak sosyal ki pwodiktif
- Aplike estrateji kle yo ki nesèsè pou sipòte aktivite redevlopman nan tout zòn nan ki pi imedyà yo.

Yon Pwogram Sibvansyon Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl 389,338 dola te finanse planifikasyon aktivite pou zòn lan.

**Senatè Pamela A. Helming te deklare,** “Finansman enpòtan ke yo te bay atravè dezinyasyon Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl lan pral ede Vil Auburn devlope yon plan pou fiti. Vil Auburn deja ap travay agresivman pou ka ranfòse vwazinaj yo, rekonstwi anba lavil lan, epi li te reyisi transfòme tèt li an yon destinasyon touristik. Finansman sa pral pèmèt yo ajoute pi plis sou efò sa yo. Antan ke yon Senatè Eta, mwen pral kontinye fè patenarya ak Gouvènè an ak Majistra Quill pou bay nouvèl opòtinite pou Auburn pandan ke l’ap kontinye ak renesans li”.

**Majistra Vil Auburn lan, Michael D. Quill te deklare,** “Gras a efò Gouvènè Cuomo yo nan seleksyone zòn Auburn Sparks lan kòm yon Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl, nou kounye a gen zouti ki an plas pou kòmanse rekonstwi epi revitalize kominote a. Pwojè

sa pral pote avantaj demezirab pou vil Auburn epi nou kontan anpil pou nou wè li vin reyalite”.

**Prezidan Lejislati Konte Cayuga a, Patrick Mahunik, te deklare,** “Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li rekonèt enpòtans ki genyen nan mete an plas resous pou devlope zòn Auburn ki te neglije depi lontan yo. Pwogram Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl lan ap bay pwomès pou yon pi bon avni pou vil lan, ki an retou pral ede tout rejyon an”.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl yo sou [sit entènèt Depatman Eta a](#).

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)